

9 Mas 2020

COVID-19: nouvo konsèy pou vwayaj, evènman ak preparasyon

Inivèsite a kontinye ap kontwole epidemi nouvo kowonaviris la ("COVID-19") epi bay dènye enfòmasyon regilyèman bay kominote nou an. Sant Sante Inivèsite a ([University Health Center, UHC](#)) an kominikasyon regilyèman ak ofisyèl sante konte ak eta yo, pandan epidemi COVID-19 la kontinye ap evolye. Aswè a, Gouvènè Larry Hogan konfime yon ka pozitif COVID-19 nan Konte Prince George. Pa gen okenn ka ki konfime nan Inivèsite Maryland.

Etandone gen yon ka ki konfime a nan konte a, nou pral kontinye konsilte avèk depatman sante eta a ak konte a pou detèmine ki sa ki t ap pi bon pou nou fè pou kominote nou an. N ap raple pwofesè nou yo, manm pèsonèl nou an, ak etidyan nou yo [abitid enpòtan pou sante nou](#), epi nou souliye mesaj sa ap ou moun ki frajil yo, sitou sa yo sistèm defans yo vilnerab yo ak sa yo ki gen pwoblèm sante kwonik yo.

Nou tout jwe yon wòl pou batay pou anpeche COVID-19 pwopaje, epi n ap pran mezi sa yo pou pwoteje etidyan nou yo, manm pèsonèl nou yo, ak pwofesè nou yo pi byen. N ap bay dènye nouvèl nan twa (3) domèn kle sa yo:

Vwayaj: Inivèsite a ap pibliye dènye konsèy sou vwayaj sa yo, ki an plas pou 60 jou k ap vini yo. Konsèy sa yo gen pou wè ak tout vwayaj ou gen pou fè nan jou k ap vini yo, ak nenpòt vwayaj yo te apwove deja ladan.

Nou entèdi tout vwayaj entènasyonal ki gen rapò ak inivèsite a.

Nou dekouraje ak tout fòs tout vwayaj entènasyonal ki pèsonèl.

Nou entèdi tout vwayaj nan peyi a ki gen rapò ak inivèsite ki pa yon nesosite epi ki nan yon lòt eta.

Nou ankouraje ak tout fòs pou ou pran prekosyon ak itilize bon jijman ou lè ou nan transpò an komen. Konsidere posiblite pou gen reta lè w ap vwayaje ak posiblite pou w bezwen izole tèt ou pi devan.

Envite ki soti oswa ki prale nan peyi ak yon avi vwayaj [Avètisman Nivo 3](#) pou COVID-19 nan men CDC a dwe rapòte vwayaj yo nan kanpis la.

Dwayen ak Vis Prezidan yo gen otorite pou evalye vwayaj esansyèl ak abòde lòt kesyon. Yo pral evalye konsèy sa yo nan 30 jou.

Evènman ak reyinyon: Inivèsite a ap bay konsèy sa yo nan pwochen evènman ak reyinyon yo.

Nou ankouraje pran distans sosyal nan tout sityasyon. Jan [yo defini nan CDC](#), pran distans ak tout pwogram sosyal vle di evite kote ki gen anpil moun epi kenbe yon distans (apeprè 6 pye) ak lòt moun lè li posib.

Inivèsite ankouraje ak tout fòs pou evite òganize nan nenpòt rasanbleman anpil moun ki pa esansyèl. Nou pa rekòmande moun planifye okenn gran evènman ki t ap fè nan 60 jou k ap vini yo.

Pou reyinyon oswa evènman ak nenpòt kantite moun, pratike distans sosyal epi sèvi ak teknoloji pou fè konferans a distans ak konferans a videyo lè ou kapab. Pou jwenn resous pou rankont ak koutfil sou entènèt, al gade sou keepworking.umd.edu.

Dwayen ak Vis Prezidan yo gen otorite pou evalye evènman esansyèl ak abòde lòt kesyon. Konsèy sa yo ap an plas jiska 6 avril 2020, epi nou pral evalye li nan dat sa a.

Preparasyon pou posibilite pran kou sou entènèt ak fè travay a distans: Nou kontinye prepare pou posibilite pou deplase ansèyman sou entènèt ak bezwen pou anplwaye yo travay a distans.

Nou te kreye yon nouvo resous pou pwofesè yo, keep Teaching.umd.edu, epi n ap fè demach pou fè pilòt pou plizyè nouvo resous ak pwogram. Se objektif nou pou asire tout etidyan, pwofesè, ak manm pèsonèl yo gen ekipman ak koneksyon yo bezwen pou aprann ak travay lakay yo, si sa nesesè.

Lè w ap prepare pou w kite pou Vakans Prentan, pran tout afè, medikaman, ak dokiman enpòtan ou yo nan koulwa rezidans ou a oswa espas travay ou, an ka li ta vin nesesè pou limite aksè pou retounen nan kanpis la.

Preparasyon nesesite pou deplase edikasyon sou entènèt pi devan pa vle di kanpis la ap fèmen nèt. Menmsi yo limite klas fas-a-fas, gen pati nan kanpis la ki pral bezwen rete louvri. Sa ka gen ladan lojman pou etidyan entènasyonal yo ak lòt moun ki bezwen aranjman, laboratwa rechèch yo, sèvis sipò ki esansyèl, ak plis toujou.

Mèsi pou fleksibilite ou ak konpreyansyon ou pandan tan sa a. Kòm sa a se yon sitiyasyon k ap evolye vit, kontinye tcheke imèl ou ak sitwèb kanpis la pou dènye nouvèl yo.